



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 23 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOUVWA AP RELOUVRI EPI RETOUNEN AK PÈCH TWIT SOU CONNETQUOT RIVER STATE PARK

Kouvwa a sipoze pwodwi 35 Mil twit pou pèch rivyè ak Long Island State Parks

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse kouvwa Connetquot River State Park Preserve la pral relouvri lòt ane, pou ede remanbre bèl tradisyon pèch twit la sou Connetquot River Long Island la. Environmental Protection Fund pral peye \$150.000 amelyorasyon nan kouvwa istorik la, ki pral kòmanse pandan ivè sa.

“State Park sa se depi lontan youn nan premye destinasyon pèch moun nan peyi a – epi jounen jodi a n ap poze baz pou kontinye tradisyon sa atravè restorasyon yon bon kantite pwason sou Connetquot River,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Refè kouvwa pou l fonksyone pral ede garanti pechè ap kontinye vini soti tout kote pou jwenn twit apresye nou an sou Connetquot la, epi bèl eritaj pèch dlo dous Long Island sa pral kontinye pandan plizyè ane kap vini yo.”

Kouvwa nan Oakdale la fèmen depi lane 2008, apre yo te detekte Nekwoz Pankreya Enfektye (NPE). Menm lè li pa te yon danje pou moun, NPE se yon maladi kontajye ki ka tiye ti pwason salmonid yo, tankou twit Rainbow, Brook ak Brown. State Park depi lè sa te travay ak Depatman Pwoteksyon Anviwonman a pou elimine NPE nan pwason nan rivyè a epi devlope plan pou relouvri kouvwa a.

Pou bese posiblite pou reenfeksyon, pwojè a pral enstale yon pi ak jeneratris ki gen sekirite byo pou bay yon kantite fre dlo souteren nan kouvwa a. Travo pou pwojè a pral kòmanse otòn sa. Elvaj pwason sipoze kòmanse nan lane 2015, ak premye release twit la kap fèt nan fen lane 2016 oswa kòmansman 2017.

Nouvo sistèm lan ta sipoze pwodi 30.000-35.000 twit 12 pous oubyen pi gwo chak ane, sa kap retounen ak pèch Connetquot River a epitou bay twit pou Caleb Smith State Park Preserve ak lòt pak Long Island. Jiskaske kouvwa a rive nan foul pwodiksyon, pak la pral kontinye stoke rivyè a ak twit ki sot lòt kote.

Pwojè a gen yon sibvansyon \$150.000 ki soti nan Environmental Protection Fund ki bay atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo a. Zanmi Connetquot yo ak lòt klèb pèch nan zòn nan pral bay \$10.000 pou achte ze ki nesèsè pou kòmanse ak elvaj pwason.

Reouvèti kouvwa a kontinye ak efò Gouvènè a pou l amelyore aksè nan lwazi anplennè epi ankouraje aktivite chas ak pèch nan New York. Depi lane 2012, inisyativ NY Works Gouvènè a sipòte yon total \$421 milyon dola nan lajan imobilizasyon pou reyalize 179 pwojè amelyorasyon nan 109 pak ak sit istorik.

Komisyonè State Park la, Rose Harvey, te di konsa, "Mwen gen rekonesans pou patenarya Friends of Connetquot ak klèb pèch lokal yo pou ede eta a toujou fè Connetquot la koule ak yon abondans trit kalite siperyè. Se yon lòt kokenn pa annavan nan devouman Gouvènè Cuomo pou relouvri ak remanbre enstalasyon State Parks,^a pi pou maksimize gwo tonton potansyalite ekonomik la pou touris ak lwazi anplennè."

Richard Remmer, direktè Friends of Connetquot epi manm Long Island State Parks Commission, te di konsa, "Se yon viktwa pou alafwa pou pechè, elèv ak ekonomi a. Grasa efò Gouvènè Cuomo, Komisyonè New York State Parks, Rose Harvey, ak Direktè Rejyonal Wayne Horsley, pwogram pou Wounded Warriors, Casting for Recovery, Scouts ak BOCES pral tounen nan Connetquot nan yon ti tan ankò. Papa mwen, pitit mwen ak mwen te aprann peche ak mouch nan Connetquot. Ak reouvèti kouvwa a, opòtinite estraòdinè sa pral disponib pou jenerasyon kap vini yo."

Komisyonè DEC a, Joe Martens, te di konsa, "Pèch twit se depi lontan youn nan spò pi popilè yo pou pechè New York epi kounye a yo pral gen plis chans pou yo peche nan Connetquot River a. Pwojè sa montre angajman Gouvènè Cuomo pou ogmante pèch, chas ak lwazi anplennè atravè New York, epi kouvwa a pral nan avantaj pechè ak kominote lokal sou Long Island."

Ane sa, Gouvènè Cuomo te lanse Pwogram NY Ouvri pou Lachas ak Lapèch pou ka amelyore aktivite rekreyatif pou spòtif ki nan eta a ak sa ki pa nan eta a epi pou ogmante posiblite fè touris toupatou nan eta a, pandan y ap kenbe pwogram konsèvasyon espès sovaj ak lapèch nan New York. Pou kore inisyativ sa, \$10 nan lajan NY Works te ale nan reparasyon kouvwa pwason ak 50 nouvo pwojè anrapò sou tè ak dlo tankou lansman bato, kachèt chasè, pis ak zòn paking.

Daprè yon rapò nan lane 2013 American Sportfishing Association lan te fè soti, New York klase dezyèm sèlman apre Florid nan depans pechè. Espò lapèch gen yon enpak total \$4.5 milya dola anviwon epi li sipòte 32.000 djòb nan NYS.

Connetquot River State Park Preserve 3.473 ak la te fonde nan lane 1866 kòm Southside Sportsmen's Club epi eta a te achte l nan lane 1973. Li chaje ak sèf ak zwazo akwatik, genyen zwazo nan nich ra, tankou osprey, ki prezan epi gen anpil plant ra nan abita natirèl yo. Rezèv la gen tou 50 mayl pou randone, pwomnad sou cheval, ski cross country ak pis natirèl.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride